

Vaksen kont COVID la: Twazyèm dòz la

Felisitasyon paske ou pran twazyèm dòz vaksen kont COVID la!

Poukisa mwen ap resevwa yon twazyèm dòz?

Toutotan nou aprann plis bagay sou vaksen kont COVID la, nou konstate jan ofiramezi vaksen an vin pèdi fòs nan kò w. Pou pwoteje tèt ou kont fòm maladi ki grav la, entène lopital la ak lanmò a, gen kèk moun ki pral bezwen pran yon twazyèm dòz.

Espesyalman, moun ki gen sistèm iminitè ki fèb yo (sa vle di kò a pa gen ase fòs pou l defann tèt li kont maladi a) ta dwe pran yon twazyèm dòz poutèt l ap bay kò a plis fòs pou l defann tèt li kont maladi a.

Èske mwen pral bezwen pran yon lòt piki apre sa?

Nou poko konnen. Li posib pou n bezwen pran yon lòt dòz vaksen kont COVID la ankò nan tan k ap vini yo.

Efè segondè yo:

Gen kèk moun ki gen efè segondè apre twazyèm dòz vaksen kont COVID la, men efè sa yo pa pi grav pase sa n te konstate apre de premye dòz yo. Nòmalman moun yo kòmanse santi yo pa anfòm anviwon 12 èdtan apre piki sa a. Si sa rive w, rete lakay ou. An jeneral, w ap fè meyò 1 oswa 2 jou apre.

Si ou pa gen efè segondè, ou pa bezwen pran medikaman tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Advil). Si ou vin gen efè segondè, lè sa a ou ka pran medikaman nou sot site la yo. Si w ap travay, li ta bon pou w pran yon jou konje apre twazyèm dòz ou a. Nou rekòmande w tou pou w bwè anpil dlo.

Efè segondè li pwobab pou ou genyen:

- Sou bra kote ou te pran piki a, ou ka santi yon doule, po w ka vin wouj ak li ka anfle. Ou ka gen efè segondè sa yo jiska yon semèn apre ou te pran piki a.
- Lafyè, frison, doule nan kò, tèt fè mal, kè plen ak fatig.

Si ou vin gen efè segondè:

- Si bra w ap fè w mal, ou kapab mete glas oswa yon konprès frèt sou li.
- Si ou gen lafyè, doule nan kò oswa tèt fè mal, ou kapab pran asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Advil) sòf si yon doktè te di ou pou w pa pran medikaman sa yo.

Kilè pou ou rele nou oswa pou ou chèche swen medikal:

Tanpri rele yon doktè oswa yon medsen si:

- Ou gen efè segondè ki pa amelyore e ki kontinye ap vin pi mal apre kèk jou.
- Ou gen nenpòt lòt sentòm k ap trakase ou.
- Ou vin gen doule nan pwatrin, souf kout, oswa lòt sentòm grav, lè sa a rele 9-1-1 la oswa al nan ijans lopital ki pi pre w la.